

Viv kreyòl!

(Emmanuel W. Védrine)

Yon pèp ki nye lang matènèl li, se yon pèp ki otomatikman nye pwòp kilti li; donk li pa yon moun vivan, li tankou yon zonbi san nanm paske lang matènèl la se li ki nanm nou ak san nou. Epi pa blyie tou, se youn nan gran travay kolon yo te reyalize: *aprann pèp kolonize, pèp ki nan esklavay rayi e rejte pwòp kilti l.* Jodiya, nou jwenn moun ki pale kreyòl (tout kote sou latè) k ap viv toujou ak *mantalite kolonize* sa a (kote yo wont pwòp lang ak kilti yo). Anpil ladan yo swedizan pase lekòl men yo avèg toujou. Nou menm k ap defann lang kreyòl la tout kote l pale sou latè, se devwa nou pou nou refè edikasyon kiltirèl moun sa yo (remete nanm sou yo, ba yo manje sèl), montre yo istwa yo (kote yo soti e kilès yo ye) e se pa yon travay ki fasil pou *dekolonize* yon mantalite ki te kolonolize pandan plizyè santèn ane. *pwoesisis dekolonizasyon mantal la* pa yon bagay nou ka reyalize rapidman, men enpòtan an fòk travay sa a fèt.

Nan pwoesisis sa a tou, sa pa vle di pou otan fò n rejte lang zòt, okontrè fò n apran lang ak kilti zòt men fò nou aprann renmen e konnen pa nou anvan (fen e byen epi pase li bay lòt jenerasyon yo).

Lang kreyòl = «libète» e «revòl» an menm tan

1. Li se yon lang ki *libere* panse nou, ki soude nou kòm yon sèl pèp,
li pa fòse nou pou n apresye lang kolon yo epi pou n ta rejte pa nou.

Se yon libète san bout (yon libète manch long) pou nou esprime
panse nou, se nan li nou santi nou pi alèz tout jan...

2. Revòl - Se kreyòl la ki fè nou wè klè, anfen se tout yon filozofi
pou montre nou kote nou soti; se yon revòl nan konsyans nou (yon
prizdekonsyans pou nou menm ki gentan dekolonize mantalite
kolonyal nou te genyen anvan an epi aprann apresye tout
engredyan kiltirèl nou) dekwa pou soti nan angrenay kolonyal nou
te pran ladan an.

Viv kreyòl!

Viv tout pèp kreyòl sou latè!

Aba kolonizasyon mantal!

Aba kolonizasyon kiltirèl!

Aba tout fòm kolonizasyon!

(E. W. Védrine)